

DOKUMEN MADRASAH
SANGAT RAHASIA



NAMA :
NOMOR ABSEN :

**ASESMEN SUMATIF AKHIR SEMESTER GENAP
MADRASAH IBTIDAIYAH HIDAYATUL MUBTADIIN DEMPEL
TAHUN PELAJARAN 2025/2026**

Mata Pelajaran : BAHASA JAWA	Hari /tanggal :
Kelas : V	Waktu :

1. Wacan kang isine tulisan kang ngamot babagan informasi, asil pamikiran, panemu, utawa idhe sing ditulis kanggo nambahi jembar kawruhe pamaca diarani wacan...
 - A. Eksposisi
 - B. Narasi
 - C. Deskripsi
 - D. Persuasi
2. Salah siji titikane teks eksposisi yaiku...
 - A. Ngemot crita khayalan
 - B. Adhedhasar fakta lan data
 - C. Ngemot paraga lan latar
 - D. Mung arupa panemu tanpa bukti
3. **Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!**

Sampah plastik dadi masalah lingkungan amarga angel diurai dening alam. Butuh wektu atusan taun supaya plastik bisa ajur. Mula, kita kudu nyuda panganggone plastik.

Adhedhasar wacan ing dhuwur, teks kasebut kalebu teks eksposisi amarga...

 - A. Nyritakake lelampahan urip tokoh
 - B. Nggambarake kaendahan alam
 - C. Menehi informasi babagan bebaya sampah plastik adhedhasar fakta
 - D. Ngemot cangkriman kanggo pamaca
4. Ancas saka teks eksposisi yaiku kanggo...

- A. Njlentrehake informasi-informasi kang bisa narik kawigaten lan tundhone ngajak pamaca liyane supaya melu maca
 - B. Nghibur pamaca supaya seneng
 - C. Menehi pitutur lumantar crita dongeng
 - D. Nggambarake swasana wengi
5. Urutan struktur teks eksposisi kang bener yaiku...
- A. Orientasi, komplikasi, resolusi
 - B. Identifikasi, klasifikasi, deskripsi bagean
 - C. Pembuka, isi, panutup/simpulan
 - D. Tesis, argumentasi, penegasan ulang

6. ***Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!***

Jamu tradisional minangka warisan budaya leluhur kang kudu dilestarekake. Jamu digawe saka bahan-bahan alami kayata kunir, jahe, lan kencur kang migunani kanggo kasarasan awak.

Gagasan utama saka wacan kasebut dumunung ing ukara...

- A. Jamu tradisional minangka warisan budaya kang kudu dilestarekake
 - B. Jamu digawe saka bahan-bahan alami
 - C. Jahe lan kencur iku bahan jamu
 - D. Jamu migunani kanggo kasarasan
7. Jinis teks eksposisi kang dijlentrehake kanthi menehi katrangan utawa tegese babagan karakteristik utawa titikane yaitu eksposisi ...
- A. Ilustrasi
 - B. Definisi
 - C. Klasifikasi
 - D. Laporan

8. ***Gatekna tabel ing ngisor iki!***

No	Ciri-ciri Teks
1	Ngemot fakta

2	Ngandharake informasi
3	Nggunakake basa fiksi
4	Menehi hiburan

Saka tabel ing dhuwur, kang kalebu titikane teks eksposisi dituduhake nomer...

- A. 1 lan 2
 - B. 2 lan 3
 - C. 3 lan 4
 - D. 1 lan 4
9. Struktur wacan eksposisi kaping pisan yaiku ...
- A. Tesis
 - B. Argumentasi
 - C. Dheskripsi
 - D. Dudutan
10. Salah sawijine manfaat perkembangan teknologi yaiku ...
- A. Akeh Tindakan apus-apus
 - B. Teknologi bisa ngupaya nambah produksi pangan
 - C. Ningkatke pergaulan bebas para mudha-mudhi
 - D. Nglengserake budaya asli Indonesia lan diganti karo budaya asing
11. jinis paragraph sing idhe pokok ana ing awal paragraph diarani paragraf ...
- A. deduktif
 - B. campuran
 - C. induktif
 - D. deduktif-induktif
12. Trap-trapane nulis wacan eksposisi kang kaping pisan yaiku ...
- A. Nemtukake tema utawa topik
 - B. Nggawe cengkorongan (kerangka)

- C. Ngumpulake data
- D. Nulis dudutan
13. supaya nggampangake anggone nulis wacan eksposisi, becik gawe ... luwih dhisik
- A. judul
- B. tema
- C. cengkorongan
- D. dudutan
14. ing ngisor iki sing ora klebu struktur teks eksposisi yaiku ...
- A. tesis
- B. ringkesan
- C. argumentasi
- D. penegasan ulang
15. Dudutan utawa kesimpulan ing teks eksposisi dumunung ing bagean...
- A. Pembuka
- B. Tengah
- C. Panutup
- D. Bebas
16. ***Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!***
- Batik minangka warisan budaya Indonesia kang wis diakoni dening UNESCO wiwit tanggal 2 Oktober 2009. Saben dhaerah ing Indonesia nduweni corak batik kang beda-beda lan nduweni makna filosofis dhewe-dhewe.
- Tanggapan kang trep kanggo teks kasebut yaiku...
- A. Batik iku asale saka luar negeri mula ora prelu diuri-uri.
- B. Minangka warga Indonesia, kita kudu bangga lan nglestarike batik.
- C. UNESCO ora nduweni hak ngakoni batik minangka budaya Indonesia.
- D. Corak batik mung apik yen digawe ing pulo Jawa.
17. Sawijining wujud kasusastraan jawa kang pinathok sarta pamacane kudu kanthi cara dilagokake diarani ...
- A. Tembang campursari
- B. Geguritan
- C. Tembang macapat

- D. Tembang dolanan
18. Tembang macapat ing tlatah Jawa cacahé ana...
- A. 9
 - B. 11
 - C. 15
 - D. 7
19. Cacahing wanda (suku kata) saben sagatra ing tembang macapat diarani paugeran...
- A. Guru gatra
 - B. Guru wilangan
 - C. Guru lagu
 - D. Guru swara
20. Cacahing gatra (baris) saben sapada ing tembang macapat diarani paugeran...
- A. Guru gatra
 - B. Guru wilangan
 - C. Guru lagu
 - D. Guru basa
21. Tibaning swara vokal ing pungkasaning gatra diarani...
- A. Guru gatra
 - B. Guru wilangan
 - C. Guru lagu
 - D. Guru sastra
22. Guru gatra tembang Pocung cacahé ana...
- A. 4
 - B. 5
 - C. 6
 - D. 7
23. Paugeran guru wilangan lan guru lagu tembang Pocung yaiku...
- A. 8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i

- B. 7u, 10u, 12i, 8u, 8o
- C. 12u, 6a, 8i, 12a
- D. 10i, 6o, 10e, 10i, 6i, 6u

24. Watake tembang Kinanthi yaiku...

- A. Seneng, asih, lan tresna
- B. Sembrana parikena
- C. Sedhik lan ngenes
- D. Sereng lan nesu

25. *Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!*

Bapak pocung rupane amemba gunung
 Tan ana kang tresna
 Kabeh uwong mesthi sengit
 Kang kanggonan den elus-elus tinangisan
 Tembang ing dhuwur kalebu tembang macapat...

- A. Kinanthi
- B. Gambuh
- C. Pocung
- D. Pangkur

26. *Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!*

Sekar gambuh ping catur
 Kang cinatur polah kang kalantur
 Tanpa tutur katula-tula katali
 Kadaluwarsa katutuh
 Kapatuh pan dadi awon
 Gatra kaping 5 guru wilangan cacahé ana ... wanda

- A. 7
- B. 8
- C. 9
- D. 10

27. ***Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!***

Sekar gambuh ping catur

Kang cinatur polah kang kalantur

Tanpa tutur katula-tula katali

Kadaluwarsa katutuh

Kapatuh pan dadi awon

Isi utawa pesen moral saka tembang Gambuh ing dhuwur yaiku...

A. Tumindak ala kang dibaleni terus bakal ndadekake cilaka

B. Wong urip kudu sregep makarya saben dina

C. Sinau iku mbutuhake wektu kang suwe

D. Wong enom kudu rabi yen wis wancine

28. ***Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!***

Padha gulangen ing kalbu

Ing sasmita amrih lantip

Aja pijer mangan nendra

Kaprawiran den kaesthi

Pesunen sariranira

Sudanen dhahar lan guling

Tembung 'kalbu' tegese...

A. Pikiran

B. Awak

C. Ati

D. Mata

29. Dentawyanjana saka tembung dental an wyanjana. "Denta" tegese ...

A. Suku

B. Untu

C. Lemu

D. Tuku

30. Cacahe aksara Jawa legena (carakan) ana...

A. 10

B. 15

C. 18

D. 20

31. Fungsi utawa gunane pasangan ing panulisan aksara Jawa yaiku kanggo...

A. Ngganti swara vokal u lan i

B. Mateni utawa ngilangake swara vokal aksara sadurunge

C. Menehi tandha wacan koma lan titik

D. Nulis angka Jawa ing satengahing ukara

32. Aksara Jawa 'Bapak sare' yen ditulis nggunakake pasangan mbutuhake pasangan...

A. Ba

B. Sa

C. Ka

D. Pa

33. *Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!*

Wacan aksara Jawa ing dhuwur unine...

A. Aja dumeh

B. Aja demok

C. Haja dumo

D. Haja demok

34. *Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!*

Wacan aksara Jawa ing dhuwur unine...

A. Aja Dumeh

B. Banyu tebu

- C. Tuku Sapu
 - D. Bapak maca
35. Tandha 'pangkon' digunakake kanggo...
- A. Miwiti ukara
 - B. Mateni aksara ing pungkasaning ukara
 - C. Ngganti wulu dadi suku
 - D. Mateni aksara ing satengahing ukara

- II. Pilihèn luwih saka siji wangsulan kang bener kanthi menehi tandha centhang (✓)!
36. **Pilihèn luwih saka siji wangsulan kang bener kanthi menehi tandha centhang (✓)!**
Ing ngisor iki kang kalebu titikane teks eksposisi yaiku...

- A. Ngandharake informasi adhedhasar fakta
- B. Ngandhut crita fiksi lan khayalan
- C. Sifate objektif lan bisa dipercaya
- D. Digawe mung kanggo nyenengake pamaca

37. **Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati! Pilihèn luwih saka siji wangsulan kang bener kanthi menehi tandha centhang (✓)!**

Hutan mangrove nduweni fungsi kang wigati tumrap lingkungan pesisir. Salah sijine yaiku nyegah abrasi utawa pangikisan lemah pesisir amarga ombak. Kajaba iku, alas mangrove uga dadi papan urip maneka warna satwa pesisir kayata kepiting, urang, lan manuk laut.

Pernyataan kang dadi fakta adhedhasar teks ing dhuwur yaiku...

- A. Hutan mangrove bisa nyegah abrasi
- B. Kepiting ora seneng urip ing mangrove
- C. Hutan mangrove dadi papan urip satwa pesisir
- D. Hutan mangrove mung ana ing pegunungan

38. **Pilihèn luwih saka siji wangsulan kang bener kanthi menehi tandha centhang (✓)!**

Kang kudu digatekake sadurunge nulis teks eksposisi yaiku...

- A. Nemtukake topik utama
- B. Golek data lan fakta kang valid

- C. Ngarang paraga lan latar
- D. Nggawe cengkorongan fiksi

39. **Pilihèn luwih saka siji wangsulan kang bener kanthi menehi tandha centhang (✓)!**
Ing ngisor iki kang kalebu arane tembang macapat yaiku...

- A. Campursari
- B. Gambuh
- C. Kinanthi
- D. Keroncong

40. **Pilihèn luwih saka siji wangsulan kang bener kanthi menehi tandha centhang (✓)!**
Tandha sandhangan panyigeg wanda ing aksara Jawa yaiku...

- A. Cecak
- B. Suku
- C. Layar
- D. Taling

41. **Wenehana tandha ping (X) utawa centhang (✓) ing pilihan Bener utawa Luput manut pranyatan kang trep!**

Babagan teks eksposisi.

Pernyataan	Bener	Luput
Teks eksposisi iku isine ngandharake panemu kang adhedhasar fakta lan data.		
Teks eksposisi ditulis mung kanggo panglipur utawa guyonan pamaca.		
Basa kang digunakake ing teks eksposisi kudu baku lan cetha supaya gampang dingerteni.		

42. **Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati! Wenehana tandha ping (X) utawa centhang (✓) ing pilihan Bener utawa Luput manut pranyatan kang trep!**

Wit klapa diarani wit suta amarga kabeh bageane bisa digunakake. Godhonge kanggo janur, wohe kanggo santen, lan batange kanggo bahan bangunan. Mula, nandur wit klapa iku nguntungake banget.

Adhedhasar wacan kasebut, tintingana pranyatan ing ngisor iki!

Pernyataan	Bener	Luput
Teks ing dhuwur kalebu jinise teks eksposisi.		
Teks ing dhuwur kalebu teks narasi amarga ngandhut unsur tokoh lan wektu.		
Fakta saka teks ing dhuwur yaiku kabeh bagean wit klapa bisa digunakake.		

43. *Wenehana tandha ping (X) utawa centhang (✓) ing pilihan Bener utawa Luput manut pranyatan kang trep!*

Struktur utawa pambanguning teks eksposisi.

Pernyataan	Bener	Luput
Tesis iku bagean pambuka kang isine panemu utawa gagasan utama.		
Argumentasi isine bukti-bukti kanggo ngiyatake tesis.		
Koda iku bagean pungkasan teks eksposisi kang isine piweling kanggo pamaca.		

44. *Wenehana tandha ping (X) utawa centhang (✓) ing pilihan Bener utawa Luput manut pranyatan kang trep!*

Babagan paugeran tembang Macapat Pocung.

Pernyataan	Bener	Luput
Tembang Pocung nduweni guru gatra cacahé 5.		
Guru lagu gatra kapisan tembang Pocung yaiku 'u'.		
Tembang Pocung nduweni watak asih lan tresna.		

45. *Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati! Wenehana tandha ping (X) utawa centhang (✓) ing pilihan Bener utawa Luput manut pranyatan kang trep!*



Adhedhasar tulisan aksara Jawa ing dhuwur.

Pernyataan	Bener	Luput
Tulisan ing dhuwur unine 'Mangan sate'.		
Kanggo nulis tembung kasebut, mbutuhake pasangan 'Ta'.		
Pasangan 'Ta' dumunung ing ngisore aksara 'Na'.		